**दिन– गुरूवार** **दिनांक–19.12.2024**

प्रसार भारती

(भारत का लोक सेवा प्रसारक)

प्रादेशिक समाचार एकांश

आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

मुख्यमंत्री नीतीश कुमार आइ ग्रामीण विकास विभागक राज्यक पांच हजार छओ सय एकहत्तरि ग्राम पंचायत मे साढ़े छओ हजार सँ बेसी खेल मैदानक निर्माण काजक वीडियो कॉन्फ्रेंसक माध्यम सँ शुभारंभ कयलनि। एहि मौका पर विभागिय मंत्री श्रवण कुमार आओर आनो–आन गणमान्य लोकसभ छलाह। श्री कुमार ग्रामीण कार्यविभागक **हमारा बिहार हमारी सड़क** मोबाईल ऐपक लोकार्पण कयलनि। ई ऐप सँ लोकसभ ग्रामीण सड़क सँ जुड़ल अपन शिकायत के सोझे विभाग धरि दऽ सकैत छथि। मुख्यमंत्री आइ परिवहन विभागक तैंतालीस डिलक्स बस के सेहो हरियर झंडा देखा कऽ रवाना कयलनि। ई सभ बस सँ राज्यक कतेको भाग मे सस्ता, सुलभ, आसान आओर सुरक्षित परिवहन सेवा लोकसभ के भेट सकत।

---

पटनाक ज्ञान भवन मे आइ सँ दू दिवसीय **बिहार विजनेस कनेक्ट ग्लोबल इनवेस्टर्स समिट** शुरू भेल अछि। उपमुख्यमंत्री सम्राट चौधरी, विजय कुमार सिन्हा आओर उद्योग मंत्री नीतीश मिश्रा संयुक्त रूप सँ कार्यक्रमक शुभारंभ कयलनि। पहिल दिन चालीस सँ बेसी कंपनी कतेको क्षेत्र मे चारि हजार करोड़ टाका सँ बेसी निवेश लेल जनौलक अछि। एहि लेल काल्हि मुख्यमंत्री नीतीश कुमारक सोझा मे समझौता पत्र पर हस्ताक्षर कयल जायत। एहि मौका पर देश–विदेशक उद्योगपति आओर निवेशक सभक स्वागत करैत उपमंख्यमंत्री सम्राट चौधरी हुनका सभ के राज्य मे निवेशक पैघ अवसर आओर सभ सुविधा देबाक विश्वास जतौलनि। उपमुख्यमंत्री विजय कुमार सिन्हा जनौलनि जे राज्य मे आर्थिक संरचनाक विकास पर विशेष जोर देल जा रहल अछि, आओर एहि लेल उद्यमी आओर निवेशक सभक स्वागत अछि। उद्योग विभागक सचिव वंदना प्रेयसी जनौलनि जे राज्य सरकारक सिंगल वींडो क्लीयरेंस प्रणाली आओर इज ऑफ डूइंग विजनेस नीति मे कतेको सुधार कयल गेल अछि जाहि सँ उद्योगपति सभ के विशेष लाभ भेट रहल अछि।

---

खाद्य आओर उपभोक्ता संरक्षण विभागक सचिव डॉक्टर एन. सरवन कुमार जनौलनि अछि जे प्रदेश मे धान अधिप्राप्तीक काज बढ़िया सँ चलि रहल अछि। आकाशवाणीक सँ गपशप मे ओ जनौलनि जे पैक्सक माध्यम सँ अखन धरि साढ़े चारि लाख मिट्रिक टन सँ बेसी धान किनल गेल अछि आओर किसान सभ के समय पर समर्थन मूल्यक भोगतान कयल जा रहल अछि। ओ जनौलनि जे पंद्रह फरवरी धरि पैंतालीस लाख मिट्रिक टन धान किनबाक लक्ष्य राखल गेल अछि।

———————————————————

नेपाल से सटल राज्यक सीमाई क्षेत्र मे आइ भोर सात बाजि कऽ बीस मिनट पर भूकंपक हल्लुक झटका आयल। भेटल जनतबक अनुसार भूकंपक केन्द्र नेपालक चेमा मे छल। भूकंपक तीव्रता रिक्टर स्केल पर चारि दशमलव एक जनाओल गेल अछि।

———————————————————

प्रदेश मे आब जन्म–मृत्यु प्रमाण–पत्र बनेबाक लेल ऑनलाईन आवेदन कयल जा सकत। लोकसभ जन्म आओर मृत्युक सात दिनक भीतर केन्द्र सरकारक पोर्टल डीसी डॉट सी.आर.एस.ओ.आर.जी.आई डॉट जीओवी डॉट आईएन पर जा कऽ आवेदन कऽ सकैत छथि। नागरिक निबंधन निदेशक एम. रामचन्द्र टुडू जनौलनि जे मृत्यु प्रमाण–पत्र लेल मृतकक बीमारीक सेहो चर्चा करय पड़त।

———————————————————

प्रदेशक बेसी क्षेत्र मे अगिला चौबीस घंटाक बीच ठंडा बढ़ि सकैत अछि। मौसम विभागक अनुसार पूरबा हवाक असरि कम भेलाक कारण अगिला दू दिनक बीच राज्यक बेसी क्षेत्र मे तापमान तीन सँ चारि डिग्री सेल्सियस धरि कम भऽ सकैत अछि। विभाग जनौलक अछि जे एहि बीच गया, औरंगाबाद आओर भभूआ सहित राज्यक दक्षिणी क्षेत्र मे शीत लहरक स्थिती बनि सकैत अछि। आइ रोहतासक डेहरी राज्यक सभ सँ बेसी ठंडा स्थाना रहल, जतय न्यूनतम तापमान सात डिग्री सेल्सियस रहल।

———————————————————

पटनाक दानापुरक न्यू के.एल.पी. मैदान आओर चांदमारी मैदान मे काल्हि बीस दिसम्बर सँ सत्ताईस दिसम्बर धरि भारतीय सेना मे अग्निवीरक भर्ती लेल रैलीक आयोजन कयल जायत।

कटिहार जिलाक कुर्सेला थानाक राज्य उच्च पथ संख्या पैंसठि पर वाहन जांचक बीच पुलिस एक देशी पेस्तौलक संग तीन अपराधी के गिरफ्तार कयलक अछि।

मधुबनी जिला मे किसान सभ पुलिसक अमानवीय व्यवहारक खिलाफ रॉंटी चौक सँ थाना चौक धरि ट्रैक्टर रैली निकाललनि। किसानक आरोप अछि जे पुलिस बिना कोनो कारण सँ सेहो ट्रेक्टरक चालान काटि रहल अछि।

दोसर दिस, जिला जिलाक जयनगर मे भारतीय रेलवे यूनियन चुनाव मे ईस्ट सेंट्रल रेलवे इम्पलाईज यूनियनक सदस्यक जीत पर हुनका सम्मानित कयल गेल। यूनियनक दरभंगा शाखाक उपाध्यक्ष बैधनाथ भारतीक अध्यक्षता मे समारोहक आयोजन कयल गेल।

---

समाप्त